

KONPILASYON DE TÈKS MWEN EKRI AVAN 2026

PIERRE-ERICK BRUNY

AYITI NAN MIZÈ.

Gran ranplasman, gran deklasman	18 Mars 2023
Pagen vè san tè.....	2023
Ayiti nan mizè.....	Fevrier 2026
Siperyè.....	Mars 2021
Ayiti lye ipokrit.....	2019
Èske ayisyen gen relijyon ?.....	2018
Sanble nou ipokrit.....	2018
M' anvi.....	2021
M' vle.....	2020
Pwa kongo.....	23 sep. 2023

**TANTATIV POU CHANJMAN KONSTITISYON AN LEGAL OU ILEGAL?
LEJITIM OU ILEJITIM?**

KISA KI YON KONSTITISYON ?

ÈSKE AYITI MOURI ?

KISA KI SISTEM NAN SELON ENTWISYONM ?

YON DEKANCHE

INYORANS

AKSÈ AK ENFOMASYON

LIBÈTE EKSPRESYON

**Tantativ pou Chanjman konstitisyon an legal ou ilegal? Lejitim ou
ilejitim?**

Gran ranplasman, gran deklasman

An ewop tewori gran ranplasman an gen a wè ak yon kesyon de sivilizasyon. Sa vle di, yon pèp te la pandan plizyè syèk sou menm teritwa,

epi yon lòt pèp vin ranplase sa ki te la yo. Ranplasman sa a, rive posib gras ak endistriyalizasyon, despiritualite, dekiltivasyon e dekiltirasyon.

An ayiti èske sa diferan ? nan peyi pa'n sa pa diferan, sofke ta sanble tèminoloji yo pa menm, an ayiti nou ka di nou chyenize, nou dezimanize, nou dezòganize. Nou tèlman deklase, menm zonbi pa fè moun pè ankò, lontan se moun ki fèt ankwaf kite konn wè zonbi, jounen jodi a nou tout wè zonbi, paske'n tounen zonbi, nou ranplase pa zonbi , nap sekirize zonbi, nap fè tchoul zonbi.

Nou tèlman bliye si'n se yon nasyon

Nou pagen yon nosyon sou revolisyon'n

Nou tout gen pozisyon, men san konviksyon

M' evite fè diskisyon ak ayisyen pou ayiti

Nou tout di bagay la santidi

Pou tan, yon ti gwoup ka ap goumen pou byen komen

Sanw pa konnen , yon lòt gwoup ap chache genyen, pandan yap pasew nan tenten.

Une révolution naît dans les esprit, avant d'être un événement politique, elle commence par un phénomène psychologique simple mais mystérieux. L'orsque chaque individu réalise qu'il n'est plus seul, et s'aperçoit que les autres pensent la même chose que lui, c'est tout un univers mental qui bascule.

Pagen vè san tè

Nou tèlman fè èrè, avanyè yo fèn pran vè

Nou tèlman gen kè yo fèn al pran pri vè

Nan netwaye vè, nap fè analiz yo banou moyiz

Moyiz tèlman wè nou gen fyèl, avanl fè vwèl

Li lage karyèl nan wèl nou.

Nou tèlman deklase, nou panse dat tankou dizwime ka komemore ak swadizan doktè, entèlèktyèl san mantal, san sèvèl, moun kipagen mwèl nan tèt yo, nou vle selebre pandan nèg ak fanm san sèvèl ap dekole po'n ?

De quoi Hayti est-il le nom ? Est-ce le nom du pays de l'argent facile admis comme ascenseur social, du verbe facile au détriment de l'action concrète, du paraître au détriment de l'être, du népotisme au mépris de la compétence, de l'hypocrisie déguisée en pudeur et érigée en valeur sociale ? De quoi Hayti est-il le nom ? Est-ce le nom d'une nation où l'argent-roi structure les rapports sociaux, où l'argent vaut mieux que l'intégrité, où la politique constitue un métier comme un autre, permettant de s'enrichir tout en s'achetant un brevet de bonne conduite sociale à coups de largesses ? De quoi Hayti est-il le nom ? Est-il synonyme d'occasions manquées, d'espérances gâchées, d'ambitions ravalées, de potentialités étouffées, de labeur sans cesse recommencé, de l'échec qui, inévitablement, couronne nos malheureuses tentatives de réussir quelque chose de bien, quelque chose de grand, quelque chose de durable ?

Soupoudre a tèlman bay odè, li ka kale vè, el ka menm tounen vè de tè, men se domaj, avanzyè moun ki pat ka pran sant tòchon an, bouche nenl jodi a pou manje kochon an, pandan yo konnen kot manje kochon an sòti. Kòmanw santiw chyen panze ? konbyen kolonbyen nap bezwen pou'n netwaye vlen saa ?

La grandeur de mon pays n'a pa de prix.

AYITI NAN MIZÈ.

« Abitan leve pye w, grenn kafe w tonbe ».

Pwovèb kreyòl

Valè'n devalorize

Nan yon sosyete deprave

Kote ti bebe ap bwè bave nan vè .

Legliz katolik tounnen sèl sovè pou yon pèp kap peri nan mizè

Palemantè pale Fransè pou boujwazi kap pran plezi nan kriz.

Ayiti tout bagay posib pou pase pèp nan rizib palemantè san edikasyon
ap goumen pou minis edikasyon pou yo fè aksyon

Sou yon popilasyon San vizyon ;

Ayiti nan mizè

Ak yon K-plim ou ka gen pri yon vè .

kounye a pouw pran pri yon vè ou bezwen yon fèy papye ki chita sou twa
wòch .

Yon vè pou yon pèp ki fin pran vè nan yon moman mizè.

Ou diw gen konviksyon pouw fè revolisyon pandan ou nan frison kou yo
diw fè Aksyon Ou di gen prizon ;

Ayiti nan mizè

Anpil komisè kite nan mizè fè siksè vin senatè san etikèt pèp kilè nap met
linèt pou'n we'n nan mizè.

Depite bèbè pale sèlman pou refè eleksyon, sanl Pat fè Aksyon, nan yon
komin san inyon li pa pran moun pou anyen pandanl pa anyen .

Nou bezwen yon iyon pou'n sove yon koniyon nou pral pran fanm pou
sove yon nasyon san nanm ;

Ayiti nan mizè

Ou rive prezidan san vè

Kouw ap prete sèman ou mete vè pouw pawè pèp ki nan mizè, lajenès
tounnen manganègès nan detrès pou chache vès pou vole tankou rele ,
valèn devalorize ;

Ayiti nan mizè pirèd

Ou Ka rayim paskem ap di Sam santi, men parim pou sam soufri ou paka detwim pou vim ou diw se pè wap preche pèp pou al nan jaden san nen pandan yo gen vè yo pa wè yo vote bèbè pou al met linèt,de je nou kale nou pawè ;

Ayiti nan mizè

Nou gen ray, nap bat nay, nou sou pay, anba kay pay, ayayay peyi'n pèdi ray Ak nèg ki fimen pay, poukiw ap fè kanpay sanw pa gen kay ala tray.

Ayiti nan mizè

Nèg anwo voye nèg anba nan palman, kou yo rive yo pa we anba biwo, nèg je vèt ap fè milyon sou pèp san etikèt popilè.

M ekri tèks saa san vè, men lèw ap lil met vè, pouw ka wè valè vè ki gen ladanl.ou met linèt vè pouw fè bak san retwovizè avèk yon vè kap baw privè ki nan palè, palemantè vè chita san vè pou deside pou pri yon vè ,kou yo fin jwen privè yo pa dakò ak vè, mizè pèp fèn pran vè, sèl sekou nou se simityè ki fin kale vè tou prè palè kitem pale .

Ayiti nan mizè

Ou dim endepandans nan soufrans a la rans pou yon syans san konsyans .nou pagen lanmè nap chache moyiz, lèl fin pase'n nan riz lap fan nou ande, ou diw se kiltivatè ou pral bay pèp manje Ak palemantè ki manje atè, nap palem de diyite'n pandan nap drive anba pye san lapè ou pa renmen tèt ou epiw dim ou renmen ayiti .

Ayiti nan mizè

Valè ayiti devalorize

M pa ekri poum fèw plezi paskem sot tou pre nan plezi

Pa ofrim kredi paske yo achte ayiti san pri

Pa prechem lapè, Paske pè Ak pastè plis lektè vle fèm pè,nan dezè san lè

Hummm ayiti nan mizè

Wap diw sosyal nan yon peyi espesyal, ou san mantal rele tèt nou pitit desalin san adeyèn .

Respè pou nou ayiti pap peri pa rayim lew di verite.

SIPERYÈ!!!!

« M pa vin van'n, m pa vin achte, m pa vin machande »

Pwovèb kreyòl

O! Enkonparab, remakab, pratikab

Mwen fèt nan ou, mwen vle mouri nan ou
san ou, lavi patap vi, se alèd de ou, yo defini dousè
malgre nou pakon'n valèw, menw fè lavi dous
kilèw ap konnen kapasite'w pouw eksplwate'l?
kilèw ap konnen valèw, pouw ka valorize'l
san ou nou san valè, kilè wap remete'n an valè?;

O siperyè poukisaw kite yo konparew, botew, valèw enkonparab
pa di, pouw ta menm kite yo mezirew, sansibilitew se yon prensip, ki dwe
respekte

kò pa egziste san nanm, nou paka egziste san ou
poukisa nou diw enferyè, poukisa'n di nou siperyè?
èske nou pata dwe gen menm estati, èske map koupab sim ta diw
siperyè?

menm ke yo ta kondanem, map diw siperyè, e menm siperyèz ;

Istwa e pratik fèm kwè ou siperyè

lèm di sa, m jis vle fè alizyon ak grann Gitonn, tante Tòya, tante Cecile Fatima, Marie Claire Heureuse fèlicite, Sanite Belaire, Ertha Pascal trouillot, poum site sa yo sèlman
pou sak renmen labib yo map jis site Miriam, Juge Deborah, Rèn Esther, Hulda, poum pa al pi lwen map di Èv.
yo di Èv sinifi viv, sa vle di, se manman tout vivan
si nou takwè nan istwa biblik yo, èske'n pata dwe sakrew siperyè?
depi o komansman ou te kon mennen nou
ou fè nou manje sa yo entèdi manje, ou siperyè
poukisaw kite yo konparew?;

joel annonce le désir de dieu:" je déverserai mon esprit sur tout être humain"
woyy non m pa vle lang sa a, poukisa li pat di lap vèsèl sou tout mwen menm ?
kot siperyorite sa a sòti? sanble nou youn pa egziste san lòt?
men poukisa, nou vle fè kwè'n siperyè?;

O ipokrizi, yon istwa ki ekri sèlman pou mwen
pwiske nonw pa ladanl, se sèl mwen kite esklav
yon endepandans ki fèt avèm sèlman
o siperyè chak pou'n ta fè yon chwa de ou, yo diw paka mennen konba sa a
Men yo bliye 13, mas 1990 a 7 fevriye 1991 egzanp ou te bay
O siperyè, ou kite yo baw yon kota a 30 pousan?
sa vledi ou paka a senkant pousan, ou poum pa di a san pou san

Kiyès ki wèw ki pa kanpe?
Depim wèw fòm kanpe
Depim wèw m gadew
ou fè moun, moute mòn e desan mòn
men yo kontinye tretew enferyè
kilèw ap konnenw siperyè?.

AYITI LYE IPOKRIT

**« Si ou jwenn tout moun sou yon pye rete
sou yon pye tou »**

Pwovèb kreyòl

Konbyen nan nou ki wè valè nou yo fin ale epi nou fèmen je'n, ki pa di anyen? konbyen nan nou, k ap di sou Divalye sa te pi bon, e ki konnen se pavyè? konbyen nan nou kap di Maniga se te yon sèvo, ki te gen fòmil pou devlope Ayiti pandan setan lèl te vivan nou pat janm wè sa? konbyen nan nou ki bliye lajan cash for work la? konbyen nan nou ki poze kesyon poukisa se kandida depite yo kite jere lajan sa a? konbyen nan nou ki panse, si kòb sa a te administre byen anpil komin nan peyi a tap lwen nan devlopman? konbyen nan nou ki konnen ke se yon ti ponyen nan kòb sa a kite rive nan komin yo men rès la tounnen pòtoprens? konbyen nan nou, lè gen eleksyon ki poze kandida yon kesyon, sou ki wòl yo?

konbyen nan nou ki mande yo, kiyès yo ye, sa yo fè deja, ki nivo yo, ki pwojè yo genyen nan djakout yo? konbyen nan nou ki fè, diferans ant majistra ak depite e senatè? konbyen nan nou, kap gen kouraj pou di kandida a ou pa kalifye pouw majistra, pouw depite, pouw senatè paskew pakon'n wòl ou? konbyen nan nou malgre nou wè moun nan pakapab, men nou votel paskel se moun pa nou ou byen paske li ka baw mil goud? konbyen nan nou kap sispan vant vòt pou mil goud? konbyen nan nou ki konnen lèw vote pou mil goud se devlopman peyi a nou van'n? konbyen nan nou kap poze tèt nou kesyon poukisa seyon sèl kalite moun kap vin kandida tout tan, poukisa nou kontinye tande yo malgre nou konnen yo pakabab? konbyen nan nou ki kontinye apiye yo, paske yo se moun pa

nou, nou kontinye pran manti e aksepte yo, malgre nou konnen se manti? konbyen nan nou ki kontinye sipòte yo poutèt yon djòb senk mil goud? konbyen nan nou ki kon pran lari a pou mande edikasyon, travay, lwazi, sekirite, sante, poum site sa yo sèlman? konbyen nan ki konnen tout mouvman lari yo se mil goud ki kraze yo?

konbyen nan nou ki alyene ak yon fo lidè , yon pati politik? konbyen nan nou ki vote yon moun malgre nou konnen se pa afè pa nou kap regle? konbyen nan nou kap pare pou al vote menm moun sa yo ankò pou enterè pèsonèl? konbyen nan nou ki konnen lèw fin batay pou yon fo lidè, lèl fin chèf li ra pou twouve, men lè kanpay li tap frape pòt kay ou, poukisa ou chwazil anko? konbyen nan nou kap kritike sa ki la yo e pi nap pare pou nou al bayo manda ankò? konbyen nan nou kap vote bèbè epi aprè nou vle poul pale? konbyen nan nou kap vote yon majistra nou konnen ki pakon'n anyen nan administrasyon epi aprè nou vle pou komin yo byen mache?

konbyen nan nou kite konnen pa gen yon nan moyiz yo, kite ka travèsè la mè a men nou vote yon kanmenm epi kounye a nap kritikel? konbyen nan nou ki konnen si yo te bay gwo palto a pòs premye minis la nou patap janm konnen se afè pèsonèl ki tap al regle? konbyen nan nou ki konnen ayiti te gen tè, dlo, solèy, men nou fè kòm kwa nou pat konnen sa nou vote yon moun paske li di nou sa? konbyen nan nou ki konnen kòb petwo karibe vòlò pa yon gwoup moun men nap defan yo kan menm ? konbyen nan nou ki kon ayiti pa pòv men ki kontinye ap repete ayiti se peyi ki pi pòv nan mond lan ? konbyen nan nou ki konnen, vodou se mizik tipik ayisyen men nou pa vle akseptel?

konbyen nan nou ki konnen legliz ran'n pi fò nan nou esklav men nou men'm nou kontinye tande yo? konbyen nan nou ki aksepte yo preche nou rezinyasyon, nou aksepte yo fè nou konpran jan nap viv la se nan bondye li sòti, men nou kontinye tande yo? konbyen nan nou kap li tèks la ki konnen se avè nou map pale men ki pap pran konsyans? konbyen nan nou finalman kap bay vag ak entèrè pèsonèl poun defan enteré

komen yo, pou nou tout ka viv tankou moun? anfen konbyen nan nou kap sipan chanje koulè nou pandan nou konnen n se nèg? konbyen nan nou ki wè ayiti pèdi tout valè, zansèt yo te travay kite pou nou? konbyen nan nou ki legliz kap inyore vodou a epi nap di ayi bobo ankachèt, pandadan nou konnen vodou a se relijyon tout ayisyen? konbyen nan nou ki danse konpa nan legliz men vodou a non? konbyen nan nou ki konnen nou se pi gwo pwisans nan mond lan nan pwodiksyon ipokrit? konbyen nan nou kap wè se kesyon m poze? konbyen nan nou kap al eseye repon ? konbyen nan nou kap wè se yon refleksyon? konbyen nan nou ki konnen kòb le p'tit creux restaurant an boule kòniyon ki fè silans?

ÈSKE AYISYEN GEN RELIJYON ?

« Se pa pou pen pou mwen pèdi yon founo »

Pwovèb kreyòl

Si Ayisyen ta gen yon relijyon li patap lòt ke vodou, mwen ap demontre sa m vle di a. nan peryòd esklavajis la yo te enpoze nou relijyon katolik ak apostolik e seyo nou te oblije adore, men nou te gen yon sèl relijyon natirèl ki se te vodou a kite ini nou tout, e li te tèlman fò lakay la nou lè nou entèpele l dye vodou a li ede nou kache chèn sa kite nan pye nou an, nan peryòd sa kot kretyen yo te ye? nou tout tap sèvi yon sèl relijyon natirèl kise vodou a.

Aprè moun po blach yo, kolon yo wè nou fè mirak sa a avèk relijyon sa a ki natirèl lakay nou an, yo di a non fòk nou kreye yon lòt posibilite pou nou kenbe pèp sa a nan esklav, men sou yon lòt fòm, ki sa yo fè yo pote relijyon ban nou, nou menm nan inyorans nou ak mank de kapasite pou nou konpran nou akseptel. E yo itilize menm relijyon sa a pou kriminalize vodou a, pou fè nou santi se yon vye bagay, paske vodou a te two fò lakay nou kòm relijyon ki natirèl nan nou. Kounye kisa ki rive, yo fè nou kolonize pwòp tèt nou, chak jou nan priye, nap tan n mirak men

nou pa janm fè oken' n aksyon, yo fè nou kwè gen yon moun kap sòti anlè a , kap vin rezoud tout pwoblèm, pandan yo menm yo ap vanse, lakay yo, legliz pa dire plis pase 3 èd tan, paske fòk yo al travay, nan peyi payo, legliz patisipe nan fè devlopman, nan ede konstwi peyi, nan pran pozisyon politik men lakay nou non, nou fè yon nwit nan vèy de nwi, prèske tout yon sèmèn ap jene, san repo, depi se kretyen politik pa fèt pou ou, ou paka manifeste, paske ou se yon sen, se priye sèlman san fè aksyon.

Si yo di nou yon sèl an twa pèsòn sa vle di papa, pitit e sentespri, sou yon fòk lojik senbol sa reprezante papa a ki se rasin nan e pitit la ki vini nan papa a e espri a ki pral vin fòme trinite a pa rapò ak lanmou papa gen pou pitit li, lè sa nou fòme yon sèl kò. kò sa a li gen kòm prensip inite el paka divize, bon si yo ap preche nou l konsa poukisa legliz la divize konsa a ? kòman nap preche yon bagay epi nan aplikasyon an se yon lòt? nou inyoran, nou ipokrit jou pèp sa a rive kon verite a nou pap ka viv sou ti bout tè sa a.èske labib ka baze sou gren vèsè mwen pakwè poukisa legliz pa fè yon inite pou yo ede peyi a sòti nan sal ye a, yo konstwi gwo tabènak pou nou ale men yo pap konstwi yon bon lekòl pou nou ale, kilè je nou a ap klè poun konnen nou pa viv ak pawòl sèlman.

lè yo pale nou de nanm otomatikman nou dwe konnen se nannm nan ki menen kò a paske kò a pa gen rezon ou byen mwen vle fè nou wè nanm nan se yon èt rasyonèl, e se li ki menen kò a pou fè yon ta de aksyon pozitif e bon, sim byen konpran' n nan mesaj yo nou fèm konpran byen se dye ki kreyel men mal la se lòm ki kreyel otomatikman se nou ki kreye Dye yo. si nap gade istwa ou byen fondman sa nap rele relijyon an li bati parapò ak filozofi, si jodi a ou wè yo pa vle aksepte filozofi a se paske yo konnen filozofi se ènmi mansonj, filozofi a konbat manti, paske nan kouran filozofi espesyalman pozitivis yo fòk ou ka montre $2+2=4$, men jodi a kesyon moun kap preche levanjil yo mande kote relijyon yo a sòti majorite ladan yo ap dim Martin Luther, poutan yo pap palew de saint julien, saint atanas etc.. mwen konpran' n reyalite a nou ran pwòp tèt nou esklav.

poum fini map di nou vodou pa yon mal, vodou andedadan tout ayisyen se paske vodou a twò pwisan yo vle fè nou pasel anba pye. yon sèl diferans ki genyen ak fason yo te kolonize esklav lontan ak jan yo fèl jodi sèke jounnen jodi a yo banou mizik epi yo konstwi kay pou nou ale, epi se nou ki menen tèt nou ale.

ou ka pa kontan men verite a gen poul blayi.

SANBLE NOU IPOKRIT

« Si ou ap gade sa poul manje ou pap janm manje poul »

Pwovèb kreyòl

Sanble nou ipokrit? sanble gen yon sèl Dye an twa pèsòn ki egziste,? sanble nou pakonsène? sanble nou bay anpil manti?

Ipokrizi bouche je nou, fè nou pa wè ni agoch ni adwat, nou jis aksepte, nou jis chwazi tandè san poze kesyon, nou jis di amèn menm ke sa bon, menm ke sa pa bon, amèn, nou jis ap tan mirak pou nou tout delivre, nou pa konsène, nou pa fè pati de peyi a, nou pa fouye zo nan kalalou pou nou konnen verite a, men nou chita tout jounnen fèmèn je nou aji fwa nou epi delivrans lan pa lwen rive. oh !esklav modèn byen vini.

Nan kreyasyon an sanble gen yon Dye ki egziste, men se pa dye yo pote banou an, yo pa janm eksplike nou vrè Dye sa e ki objektif li?. Paske si yo ta di nou vrè dye sa a, ki objektif li, yo pap ka manipile nou, yo pap ka menen nou jan yo ap fèl la.

Tout sak sou tè a te kreye avan nou, kò nou ak nanm nou se yon sèl, sofke nanm nou gen sak rele rezon an, e rezon sa ki nan nanm nou an, gen yon objektif, se chache byen e evite mal, yo menm yo materyalize mal

la yo potel banou nan entèpretasyon, men ipokrizi ak inyorans fè nou akseptel e nou obeyi ak li, si nou pa obeyi ak li, yo di nou pagen sove pou nou. Yo pa janm anseye nou ke vi a se sou tè a li ye, men yo menm yo ap viv sou tè a paske yo konen verite a, aprè lanmò tout bagay fini. ÉSKE APRÈ LANMÓ OU PRAL VIV ANKÒ? se sayo ta vle fè nou konpran'n men pa gen oken prèv jiskaprezan, si filozofi ak syans la pou pouve verite, poukisa yo pa itilizel, pou moutre nou aprè lanmò kòman nou pral reviv ankò?

Lè yo di yon sèl dye an twa pèsòn poukisa yo pa moutre pa A+B twa pèsòn sa yo? pa gen yon istwa kache dèyè twa pèsòn sa a ? poukisa anpil nan yo pè filozofi ak syans? poukisa yo enpoze nou pawòl pa yo a, e pafwa yo mache pòt an pòt pou yo potel banou? ezanp, mwen poko wè vodouvi al preche moun , sa fèm santi li natirèl lakay nou tout ou byen non?

poukisa rit mizik vodou a pa jwe nan legliz? si konpa gen 64 ane, yo aksepte ni konpa ni rege, ni rap, men non vodou. Avan kreyasyon konpa a, ki sa yo te kon danse yo menm? vodou a ki pwoblèm ayiti? yo kriminalize vodou a anpil, pafwa yo di tout otan nou pa remèt peyi a bay Dye nou pap delivre, ki Dye? mwen map di tout otan nou kenbe moun yo nan esklav modèn sa a nou pap delivre.

Yo fèn bliye kilti nou nan inyorans, depi w di ou se pitit ginen, menm lanmen yo pap bawou, pandan se an gine nou sòti, pèp gine yo rele ginen, yo di sen espri kou nou menm nou di nap rele espri yo, nou te getan djab, tandiske ni espri yo, se lwa yo ye, e depi w pa obeyi ak lwa natirèl ki nan ou a, ki se rezon, wap antre nan pratike mal.

M' ANVI

« Toujou danse anba yon sèl tònèl, lè mouchwaw tonbe pouw ka konnen kotel tonbe »

Pwovèb kreyòl

M' anvi wè yon dye san relijyon

M' anvi aksepte yon dye san pasyon

M' anvi pale de yon dye san emosyon

M' anvi wè yon dye san entèpretasyon

M' anvi li yon bib san pasyon , poum pa tonbe nan tantasyon

M' vle yon dye san dim, kap sovem sanl pa sakrifyem

M' vle yon dye san legliz, san yo pa prechem deviz

M' vle yon dye san bib, ki dim lib

M' vle yon dye san pastè, poun pa kontinye dim pechè

M' vle yon dye san ofran'n, ki pap fan'n mwen

M' vle yon dye san predikatè

M' vle yon dye san dyakonèz

M' vle yon dye san pwofetèz

M' vle yon dye san mandiyèz

M' vle yon dye demokrat, ak moun san kravats

M' vle yon dye san'n pa prechem levanjil

M' vle yon dye kote nou tout egal

M' vle yon dye mondyal , ki gen yon vizyon egal

M' vle gen menm dye ak pastèm, pou pitit nou frekante menm lekòl

M' vle yon dye san materyèl

M' vle yon dye yo pap dim ki nan syèl

M' anvi yon dye san letènèl

M' vle yon dye san kostim

M' vle yon dye demontab,ki pa pòtab

M' vle yon dye ki pa modèn, ki pap preche'n ak ayfòn

M' vle yon dye san dyak, ki pap dyakem lém dim, pagen dim

M'vle dye san lanfè
M'vle yon dye san mizè

M'vle yon dye ki banm, menm privilèj ak pastèm
M'vle yon dye san satan
M'vle yon dye san èv ak adan
M'vle yon dye, sanm pa soufri poum wè kanaran

M'vle dye san orè, ni jou
M'vle yon dye san imaj, ki pap makiyem
M'vle wè yon dye sanm pa fèmen jem
M'vle yon dye ki dim nou tout se menm
M'vle yon dye san katolitiz
M'vle yon dye san krisyaniz
M'vle yon dye san pwotestantiz ki pap banm tiz
M'anvi yon dye san jezikri
M'vle yon dye se palèm travèse poum viv nan yon wayòm
M'vle yon di'n se òm.

M'VLE

« Ou granmou'n sèlman lè ou lakay ou »

Pwovèb kreyòl

M'vle yon lòt deba, pou moun anba
Pandanm pa vle distenge ni anwo ni anba
M anvi yon lòt diskisyon sou manda a
San nou youn pa al kraze anba a
Lèm gade byen m wè nou tout anb a.

Mesye pye bwa, m santi rasin ou byen fon, nan bout anba a
Pye bwa sa a sanble ak yon pye bwa anwo nan mòn
Mesye pye bwa map kritikew de yon Sèl bagay, sè kew pa pote fri, men m
pou ti pye bwa kotew te grandi. Mesye pye bwa si yo pa tayew deja, se
paske w sèvi ak gwo pye bwa lòt bò la rivyè wi. Mesye pye bwa ak akolit
ou yo banm pozew kèk ti kesyon. Mwen jis anvi konnen kilè w ap kite
bout anba a.

M jis anvi konnen kilè manda edikasyon an ap kòmanse ?

Kilè manda pou la sante a ap kòmanse?

Kilè manda pou lamanjay la ap kòmanse?

Kilè manda pou sekirite a ap kòmanse?

Kilè manda lojman an ap kòmanse?

Kilè manda travay la ap kòmanse?

Mesye pye bwa konstisyon an gen nenpòt 298 atik poukisa se 134 la ki
pi enteresew ?

Mesye pye bwa siw te reponn kesyon sa yo, ou te mèt layite w sou do mòn
yo wi, nou te ka pat menm konnen si gen atik 134.

Entèpretè, entèpretèz yo banm poze'n kesyon

Kilè nap entèprete pati edikasyon an ?

Kilè nap entèprete pati sante a ?

Kilè nap entèprete pati sekirite a ?

Kilè nap entèprete pati travay la ?

Kilè nap entèprete pati lamanjay la ?

Kilè nap entèprete pati lojman an ?

Kilè nap entèprete pati enfracstrikti a ?

Kilè nap entèprete pati jistis la ?

Kilè nap pale pou pèp konpran'n ?

Lontan nou te bat bravo pou sa'n wè ki pozitif

Jodi a nap bat bravo san'n pa konn poukisa

La jenès banm pozew kesyon

Bat bravo pou lajenès la, vle di kisa ?

Kilè nap bat bravo pou ediksyon ?

Kilè nap bat bravo pou la sante ?

Kilè nap bat bravo pou travay ?

Kilè nap bat bravo pou lamanjay ?

Kilè nap bat bravo pou lojman ?

Kilè nap bat bravo pou la jistis ?

Kilè nap bat bravo pou enfrastrikti ?

Mesye opozisyon map pozew kesyon wi

Kilè wap entèprete konstitisyon an pou edikasyon ?

Kilè wap entèpretel pou la sante ?

Kilè wap entèpretel pou sekirite ?

Kilè wap entèpretel pou travay ?

Kilè wap entèpretel pou lamanjay ?

Kilè wap entèpretel pou jistis ?

Kilè wap entèpretel pou lojman ?

Kilè wap entèpretel pou enfrastrikti ?

Majorite silansyez la kilè nap konnen nou dwe apran'n entèprete tou,
poun konnen, nou se ayisyen ?

Kilè nap entèprete'n poun konnen pat gen yon moyiz kite travèse lamè
wouj la, e pap gen yon moyiz ki pou travèse'n lamè wouj la ?

PWA KONGO

Ou wèl? ou konnen l?

M' pral palew de li

Nan tan lontan, pa lontan lontan, men avanzyè la a

Lèn te gen yon ti rès ayiti , sa vle di lè lavalas lèt la potko ale ak tirès ayiti a

Lèn al an vakans

Lè tout paran pat nan rans

Lè tout timoun te respekte granmoun

Sa vle di nou pat gen yon sosyete soumoun

Lè tout granmoun pati kite lakay,

Epi nou menm nou rete lakay

Nou rele youn lòt

Paske timoun pakonn nan kont

Menm ke granmoun yo nan chire pit

Nou menm timoun nou pajanm fè abit

Nou chita, nou kòmanse kalel

An mezi nap kalel, nap filel

Nap palel, li pa janm plenl

Lèn fin kalel, nou chodel.

Pa bliye granmoun pala

Nou pa nan mezire glòs lwil, pou nou fril

Lèn toufel, chalèl, odèl espesyal

Nap pran ti grenn avan'n vide dlo ladanl

Nou tout sispèk, pou kantite grès ki ladanl

Gen nou youn kap veye kot granmoun ap sòti

Nou do touni, pye atè, nou bliye si nan zòn nan gen ti demwazèl

Nap pran diri mezi nou vle, paske fòk li grennen

Nou pap kitel bouyi anpil, paske se chalè ki pou kwit li.

Lèn toufel, li fè la fimèn ak vapè

Gen de (2) kote ladanl, mèt kanbiz la pa twò renmen bay tout moun, anlè a ak anba a.

Anlè a, gen yon jan swa epi grenn yo kanpe anlè

Anba a, se la siwat la chita

Nan anba a konn gen diskisyon men san pasyon

Ou mèt fin separe men chak moun ap mande pòsyon pa yo nan anba a

Lèn fini gen yon responsab ki pou lave chodyè a, pou anpeche granmoun yo wè kantite lwil kite itilize. Epi aprè nou desann nal chita anba frechè pye pwakongo yo, pou nou bwè ji kann atiwoji.

Saa se Ayiti pam nan

Ayiti inoubliyab

TANTATIV POU CHANJMAN KONSTITISYON AN LEGAL OU ILEGAL? LEJITIM OU ILEJITIM?

Yon konstitisyon se yon dokiman, yon ansanm nòm ki reglemante leta a, ou kapab gen yon konstitisyon ekri ou byen yon konstitisyon ki pa ekri. Se alèd de yon konstitisyon ou kapab pale de yon leta, sa vle di san yon konstitisyon ou pa gen yon leta.

Nan yon konsèp sosyolojik, yon konstitisyon defini kòm yon ansanm de faktè sosyal, men se pa yon nòm jiridik, jan nou souvan repetel la, sa vle di, tèks ekri a, dwe rezilta fè sosyal yo, nan yon moman istorik, tankou nou kapab pran, konstitisyon 1987 la, donk nou sòti nan yon diktati fewòs, kote lavi moun pat respekte, kote kesyon dwa a pat ka pale, donk

gen yon soulèvman jeneral, nou renonse ak sistèm peze souse nou te ye a, ki banou konstitisyon 1987 la, la a, nou kapab di te gen yon fè istorik e yon ansanm fè sosyal ki vin akouche ak konstitisyon ekri sa a.

Se pa yon moun ki leve yon bon maten, ki deside ekri yon bagay, men se tout yon ansanm sitwayen, ki reyini aprè yon gran mouvman leve kanpe, pou di non ak diktati , epi yo materyalize volonte sa yo, e valè sosyal yo nan yon dokiman ke nou rele konstitisyon. Donk nou kapab di konstitisyon sa a, se yon konstitisyon reyèl e efektif, paske li anbrase reyalyte sosyal peyi a, e nou kapab avanse poun di ke konstitisyon ekri sa a, kòm yon fèy papye gen yon valè , paske li pat an konfli ak reyalyte sosyal yo, men si konstitisyon sa a pat anbrase reyalyte sosyal yo, li tap pèdi valè'l. konsèp sosyolojik sa a defini pa yon otè ki se Ferdinand Lassalle nan ane 1962 ki gen kòm tit :” Qu'est-ce qu'une Constitution?”

Yon konstitisyon nan yon sans politik, se yon desizyon politik, men se pa yon lwa ki òganize leta a, se yon dokiman solanèl , ki vin aprè yon desizyon politik. Volonte politik sa a, dwe lejitim e legal, e li dwe gen yon souverènte. Desizyon sa a, dwe fri yon volonte politik fondamantal, ki kapab bay efikasite ak egzistans konstitisyon sa a. nan sans sa a, leta a vini avan konstitisyon an.

Nan menm kontèks sa a, yon konstitisyon dwe trete yon ansanm de matyè ki gen gran relevans jiridik, tankou òganizasyon leta a, prensip demokratik yo, dwa fondamantal e lòt... se nan menm sans sa a, nap wè gen anpil konstitisyon ki trete òganizasyon enstitisyon etatik yo avan, epi aprè yo trete kesyon dwa fondamantal yo, tankou konstitisyon 1987 la, nap wè nou trete kesyon dwa fondamantal yo avan, epi aprè nou kòmanse trete kesyon òganizasyon enstitisyon yo. konsèp sa a defini pa yon otè ki se (Carl Schmitt nan ane 1928, ki gen pou tit Théorie de la constitution).

Nan yon sans materyèl yon konstitisyon dwe trete sèlman koz fondamantal pou egzistans yon leta, nan konsepsyon sa a, konstitisyon an, ka ekri ou non, se pa sa ki enpòtan men se ki kontni li trete, èske

matyè ki trete yo fondamantal pou nesans leta a, èske yo endispansab.? Tankou si rejim politik la se demokrasi ou non, èske se yon leta initè ou federal, èske se rejim prezidansyèl ou palemantè, kòman administrasyon piblik yo pral òganize, etc... tout sa yo fè pati de yon konsèp materyèl.

Nan yon sans Fòmèl yon konstitisyon , se yon lwa, ki pran nesans pa yon fòmalitye, yon pwosesis, angwo se yon pwosesis lejislatif ou itilize pouw kreyel , se pa kontni ki trete ladanl lan ki enpòtan, men se fòm nan,nan sans sa ou jwenn fòm ou kreye lwa konplemantè yo, lwa òdinè, dekrè, kòmanw ka amande konstitisyon sa a, ki mwayen trete entènasyonal yo kapab antre nan lòd jiridik entèn yo, etc...

Premyè aspè ki kontrè nan tantativ pou chanje konstitisyon nou an, nou kapab di wi gen yon fè sosyal e politik, men ki pa mande pou chanje konstitisyon , okontrè ki mande pou aplike konstitisyon an, ki mande pou chanje sijè politik yo, men ki pa mande chanjman konstitisyon , sa vle di kritè sa a, pa kenbe.

Dezyèm aspè kontrè nan tantativ pou chanje konstitisyon an, pagen yon volonte politik, paske nou gen yon sèl sijè ki gen tout pouvwa yo nan menl, e ki ilegal e ilejitim, nan sans sa a, ou paka gen yon volonte politik pou chanje estrikti peyi a, Pwiske ou pagen fòs legal yo ki ta kapab bay lejitimite ak konstitisyon an.

Ilegalite nan tantativ pou chanje konstitisyon an, nan atik 284.3, li di trè klè ke tout tantativ ki vize pou modifye konstitisyon an pa yon referandòm entèdi. “article 284.3: Toute Consultation Populaire tendant à modifier la Constitution par voie de Référendum est formellement interdite” la a, se premye ilegalite nou konstate nan tantativ sa a, sa vle di fòmalitye pou chanje konstitisyon an, pa prevwa konsiltasyon pa referandòm, e anplis èske yon senp sitwayen gen dwa pou chanje estrikti yon peyi? Nou pa kwè sa, pwiske se konstitisyon an, ki reglemante

fonksyonman peyi a, e enstitisyon yo, e menm konstitisyon sa a, etabli fòmalitye e enstitisyon ki gen pouvwa pou chanje lòd jiridik entèn peyi a.

Pwiske menm konstitisyon sa a di klè ke manda sijè ki ta vle chanje konstitisyon an fini, donk tout ak li poze pandan peryòd defakto a, kouvri pa yon nilite absolü, e gen responsabilite sivil e penal.

Ilejitimite ki genyen nan tantativ pou chanje konstitisyon an, premyèman moun ki gen misyon pou travay sou chanjman konstitisyon an, pa gen yon legitimite popilè, sa vle di kote yo jwenn pouvwa saa? Premyèman sijè ki delege pouvwa bayo a, ilegal e ilejitim, donk nan sans sa a, tout ak yo poze, sijè ak nilite absolü e responsabilite sivil e penal. Tout ak ki poze ki pa an akò ak konstitisyon an, nou kapab konsidere yo kòm ak ilegal, ilejitim, e nil.

Ki pwoblèm konstitisyon an genyen? Selon mwen li gen yon pwoblèm aplikabilite, sa vle di, lèm pran dwa sosyal yo, dwa fondamantal yo, poum site sa yo sèlman konstitisyon an pa janm aplike nan sans sa a.

Pou chanje konstitisyon an nan entegralitel, fòk gen yon ripti sosyal, e politik, men nan ka nou ye a diferan, majorite popilè a pa mande pou chanje konstitisyon, okontrè yo mande aplikasyon konstitisyon an, ak chanjman sijè politik yo, ki diferan de sa moun tap viv nan ane 1986 ki vin akouche konstitisyon sa a.

Pou fè lwa, ou byen chanje yon lwa, fòk gen yon fè, e fè sa a, dwe gen yon valè e alèd de valè sa a, wap bezwen yon nòm jiridik Ki pou reglemante fè sa a, pou rezime mwen ka di lwa egal=FAIT+VALEUR=NORME.

Sèl yon leta de dwa kapab retire nou nan penpennen maten, midi, swa, an travay ansanm pou'n konstwi yon leta de dwa.

KISA KI YON KONSTITISYON

Yon konstitisyon se yon ansanm règ jiridik ki okipe somè ou yerachi dwa nan yon peyi, e ki kapab kodifye ou non kodifye, sou fòm yon dokiman ekri. An règ jeneral se konstitisyon an ki enimerè e limite pouvwa yo e fonksyonman leta.

Se andedan konstitisyon an, ou jwen tout prensip ki regle diferan branch dwa yo, konstitisyon an gen yon siperyorite ki pi wo pase tout lòt nòm jiridik entèn e ekstèn (sa pral depan de ki teori nou aplike), sa vle di konstitisyon an okipe yon pozisyon kle e santral pou entèpretasyon tout lòt nòm jiridik yo.

Konstitisyon an pa sèlman yon estati piblik finansyèl, fiskal, òganizasyonèl, men li reflete egalman règ dwa prive yo, prensipalman sou fòm de prensip konstitisyonèl.

Konsèp teworik konstitisyon an “se yon ansanm règ ki òganize leta a, e ki enpoze limit nan aksyon leta a tou” se yon konsèp vreman anyen. Nou kapab di, se konstitisyon an ki òganize leta a, ki limite pouvwa yo, e se menm konstitisyon sa a ki detèmine fòm leta a (si se yon leta inite ou byen yon leta federe ou federal) se menm konstitisyon sa a ki detèmine fòm gouvènman an (monachi, repiblik etc...) e menm dokiman sa a detèmine ki sistèm gouvènman an, si se prezidansyalis ou palemantaris, e menm konstitisyon sa a di kòman ou ka rive sou pouvwa a, e kòman ou ka pèdi pouvwa a tou ou byen kitel, e menm konstitisyon sa a, etabli tip de separasyon pouvwa yo, kòman yo dwe fonksyone tankou: ekzekitif, lejislatif e jidisyèl e lòt (alò mwen di lòt paske anpil lòt peyi etabli yon ansanm de lòt pouvwa, tankou gen peyi ki pran ministè piblik kòm yon katriyèm pouvwa, laprès kòm yon senkyèm pouvwa).

Angwo pouw kon kòman yon peyi fonksyone, se sèlman ouvri konstitisyon yo epi wap kapab gen yon ide.

Angwo yon konstitisyon se yon sistèm nòm jiridik ekri ou ki pa ekri, ki regle ou òganize yon leta, andedanl ou jwen yon ansanm dwa e garanti fondamantal ki limite pouvwa leta a.

Anpil otè soulinye ke premyè dokiman, ki potko rele konstitisyon men ki te sou non "carta magna" ki te siyen nan ane 1215 an angletè, se te yon pak ou byen yon kontra kite siyen ant yon wa kite gen pouva absoli ou byen reprezantan dye sou latè." E nan dokiman sa a nou kapab remake kesyon separasyon pouvwa a, kote ou te jwenn yon pataj ant wa a ak paleman an, e se nan peryòd sa yo te adopte "la grande charte" e pi devan nou tap vin jwenn nan revolisyon anglè yo nan ane 1640 kote te gen yon reynifikasyon ant twa kouwòn yo angletè, ekòs e island, e se la yo tap tou transfòme konstitisyon medyeval anglè a, pou vini ak yon konstitisyon nou ka di konstitisyon modèn, e pi devan nou vin jwen revolisyon "bill of rights " nan ane 1688, koye yo tap deklare dwa pou libète endividyèl, pouvwa palemantè yo te vin ranfòse, e yon pat ka fonksyone san lòt.

Angwo lè nou pale de separasyon pouvwa yo, anpil moun gen tandans atribye l ak Montesquieu l'esprit des lois 1748, men fò nou di ke nan ane 1690 Jonh Lock dans l'essai sur le gouvernement civil tegan tan trete kesyon separasyon pouvwa a, nan yon fòm diferan kote pat gen pouvwa kite ka rete pouvwa, donk Montesquieu vin pote yon apwi kote yon pouvwa ka rete yon lòt pouvwa.

Konstitisyon parèt nan dizwityèm syèk la , nou kapab di premyè konstitisyon an sete konstisyon nò ameriken an,nan ane 1787, kote pèp la reyini e redije pwòp konstitisyon yo, aprèsa nou kapab di konstitisyon Fransè yo nan ane 1791. Brèf.

Lis konstitisyon nou pase nan ti bout tè sa a:

-nou gen konstitisyon 1801 an kite prezante 9 me 1801 e ki te adopte 3 jwiyè 1801, nan ansyèn koloni Fransèz la nan sendomeng, alò li tap al adopte tou nan fiti repiblik ayisyen an nan premye janvyè 1804.(alò gen yon deba sou kesyon sa a, men selon mwen menm, nou ka retirel nan lis konstitisyon nou pwiske nou potko endepan nan epòk sa a)

-Konstitisyon 1805, sa nou rele konstitisyon enperyal la de Jean Jacques Dessalines.(20 me 1805)

-Konstitisyon 1806, ekri an gran pati pa Alexandre Petion e ki te prezante 27 desanm nan ane 1806.

-Konstitisyon 1807, nou ka relel konstitisyon repibliken kite elabore pou rejim Henri Christophe la.(17 fevriye 1807)

-Konstitisyon 1811, nou ka relel konstitisyon wayal, avèk Henri Christophe kòm wa.(28 me 1811)

-Konstitisyon 1816, kote lwa yo te aplike pa dekrè prezidansyèl (Alexandre Petion) (2 jwen 1816)

-Konstitisyon 1843, prezante 30 desanm nan menm ane a, pa Prezidan Jean Baptiste Riché ki re etabli konstitisyon 1816 la.

-Konstitisyon 1846 prezante 14 novanm nan menm ane a (amande nan ane 1859 e 1860)

-Konstitiyon 1849 prezante 20 septanm nan menm ane a, nou ka di se nouvèl konstitisyon enperyal pou Faustin Soulouque, 14 jwen 1867, nouvèl konstitisyon ki sispann nan ane 1868 e ki retabli nan ane 1870.

-Konstitisyon 1874 "Le Sénat devait être choisi sur une liste envoyée au gouvernement, l'exécutif exerce le pouvoir pour une durée de huit ans et est élu par l'Assemblée L'exécutif a le pouvoir de dissoudre les chambres et de créer un Conseil d'État à l'aide du gouvernement. Pouvoir a été donnée au président pour un an pour choisir les juges et les magistrats." (6 out 1874)

-Konstitisyon 1879 (18 desanm 1879)

Konstitisyon 1888 (16 desanm)

-Konstitisyon 1889 "le 9 octobre 1889. Conçu sur le modèle de celle de 1879, qui elle-même a été calquée sur la constitution 1846."

-Konstitisyon 1902, sete yon konstitisyon patikilyèman avanse.

-Konstitisyon 1918 ki prezante 12 jwen nan menm ane a kite prezante pa les États-Unis “kite okipe peyi a depi nan ane 1945 konstitisyon sa a te adopte par plébiscite.(nou kapab rele konstitisyon sa a yon konstitisyon etewonòm, yon konstitisyon etewonòm se yon konstitisyon ki elabore pa yon lòt peyi ou pa yon òganizasyon entènasyonal ou byen nou kadi yon konstitisyon ki vin deyò leta nasyonal la)”

-Konstitisyon 1932 kite retabli 12 out 1942.

-Konstitisyon 1935, nou kapab relel konstitisyon fasis a antidemokratik kite prepare pa Stenio Vincent.

-Konstitisyon 1946, 22 novanm Dumarsais Estimé.

-Konstitisyon 1950, “, cette constitution a donné le droit de vote aux femmes avec néanmoins le consentement au préalable des hommes. présentée le 28 novembre 1950.’

-Konstitisyon 1957

-Konstitisyon 1964, ki pèmèt François Duvalier vin yon prezidan a vi. Amanda nan ane 1971, ki pèmèt pouvwa ereditè a tansmèt a Jean-Claude Duvalier (bebe Doc)

-Konstitisyon 1983, rekonesans doub nasyonlaite (27 out 1983)

-Konstitisyon 1987, adopte pa referandòm 29 mas 1987.

Autres documents: proclamation d’émancipation des esclaves du 29 août 1793, acte d’indépendance du premier Janvier), ordonnance du roi de france, 17 avril 1825, concernant l’indépendance de st domingue, traité de paix et d’amitié entre Haiti et la france 12 fevrier 1838.

ÈSKE AYITI MOURI ?

Èske ayiti mouri? Si non kotel ye ? Si wi kiyès kap reveyel?

Mwen anvi reponn e m vle trè kategorik, sanble ke ayiti mouri, men sanble se ayisyen ki touye ayiti. Ayisyen touye ayiti nan kopye sou lòt sivilizasyon, ayisyen touye ayiti nan nye pwòp kilti nou, pwòp mès nou yo, koutim nou yo, fason nou manje, fason nou abiye, fason nou pale.

Men premyè klas moun ki kontribiye nan touye ayiti se klas nou rele entèlektyel yo, yo se premye responsab nan lanmò ayiti pou rezon sa a, yo ta dwe gen yon pèn ki agrave, lèw gen yon klas entèlektyel ki pè ou byen ki refize pale sa yo panse ki verite, nan kontèks sa a yo pa sèlman konplis men yo se responsab fenwa majorite moun ki pa konn ni li ni ekri nan sosyete a. Lèw gen yon klas entèlektyèl kap veye sèlman lè yon lòt sòti pou yo antre kèlkeswa konsekans lan, ou paka gen yon sosyete avanse men yon sosyete detounen. Lèw gen yon klas entèlektyèl youn pè lòt ou paka gen lòt rezilta ke entelegang, lèw gen yon klas entèlektyel ki refize al nan eleksyon men kap veye kilè pou yo minis yon prezidan san dan, konsekans lan pa lòt ke yon sosyete san enterè. Se pa klas politik la ak sa nou rele oligachi a ki touye ayiti men se entèlektyel yo ak rès moun yo ki asasinen ayiti.

Ayiti mouri depi lè nou aksepte pase anba pye nou idantite nou, depi lè nou nye kilti nou, depi lè nou chwazi yon edikasyon enpòte, yon kilti enpòte ki gen priyorite sou pwòp kilti nou, ou pagen peyi san kilti, ou paka pale de peyi san idantite. Si nou ta tounen nan istwa anperè a ou ka konprann ke depi yon moun pile tè ayiti li se ayisyen, se pandan fòk moun nan gen volonte pou'l ayisyen an, gen anpil ki pile sòl sa a ki vin patisipe nan touye ayiti olye ede ayiti.

Kòmanw ka renmen ayiti epi tout richès ou nan lòt peyi, tout biznis ou nan lòt peyi epi tout tan ou ak yon drapo ayisyen. Ayiti mouri depi lè nou lage sosyete a nan men yon ansanm de ayisyen fabrike, yon ansanm de

ayisyen ki pa konn si yo an ayiti, yon ansanm de ayisyen alanvè, depi lè nou chwazi mil goud la nou touye ayiti se pandan li poko antere.

Chans nou genyen sèke ayiti nan mòg, daprè enfòmasyon mwen genyen li pat fin mouri nèt men se zombi yo te fèl tounen, sa vle di gen yon posibilite pou nou remete nanm nan ayiti, men pou sa rive fèt li mande pou nou tout kontribye pou'n mennen ayiti nan zòn anpwovens pou yo ka fè remèd pou li. Ayiti pa vle yo al chache remèd pou li nan peyi eksteryè, paske li panse si yo bal remèd enpòte li ka pran nan pwazon, se sak fè li vle nou met men ansanm poun chache yon remèd entèn ki pou metel kanpe pi djanm .

Ayiti kotel ye fèm konprann ke li wè anpil nan nou ap pale menm pawòl men nou refize ini pawòl sayo ansanm pou nou retirel kotel ye a, ayiti dim ke pigwo pwoblèm nou genyen sèke nou youn pè lòt, nou tout ap chache manje pou'n mete nan asyèt nou pandan nou refize fè yon konbit pou'n manje ansanm. E poum fini ayiti dim ke li pa bezwen pawòl ankò li bezwen nou bal remèd paske nou konnenl malad deja, solisyon an se aji.

KISA KI SISTEM NAN SELON ENTWISYONM ?

Kisa ki sistèm nan selon entwisyonm, tout moun ap pale de yon sistèm, ki koz peyi a paka avanse, san pou otan pèson pa janm defini kisa ki sistèm nan, pou mwen menm nou tout fè pati de sistèm nan san eksepsyon, men sistèm nan gen yon sèvo ki pansel e kap alimantel,

menm moun kap denonse sistèm nan fè pati de sistèm nan, ant yo fèl pa inyorans ou byen enkonsyan ou byen yo fèl ak pwòp konsyans yo.

Nèg ou fanm ki sèvo sistèm nan pa janm parèt devanw vin van'n ou sistèm nan, men yo itilize moun ki sanble avèw pou enjekte sistèm nan andedanw, e sistèm map palew la, li gen pwofesè, avoka, doktè, agwonòm, pastè, prèt, wougan, atis, ekriven, jounalis, li pa manke anyen, paske se yon ansanm jeni ki panse sistèm nan, se sak fèw pap ka krazel janw panse a.

Sistèm nan apran'n ou depiw piti se al lekòl, pouw gen plizyè diplòm, pouw travay pouw fè siksè, epi marye fè pitit epi mouri, depi piti sistèm nan metew nan yon konpetisyon, e konpetisyon saa ou dwe genyen kèlkeswa konsekans lan fòw ganye , menm kew detwi yon lòt fòw ganye, menm kew met dlo nan je yon lòt fòw ganye,menm kew ap mache sou kadav fòw ganye, e konpetisyon sa a ou ye a fèw pa janm aksepte pèdi, menm nan politik wap wè menm ke nèg la konnen li pa genyen eleksyon an, menl refize pèdi, lekòl timoun yo pa aksepte ke se pa yo ki premye , e sa ran'n depi piti nou kòmanse gen pwoblèm ak sak premye a, men se pa fòt ou, se sistèm nan ki fèw konsa, tan diske nan kontra a lè yon nèg fini avan nan tan lontan, lal ede lòt tèmine e yo fè sa jiskaske tout nèg fini, se konsa sa teye.

E menm sistèm sa a, li planifye tout bagay nèt kisa lekòl yo dwe anseyew,e kisa yo pa dwe anseyew, e ou oblije kwè pwiske moun kap anseyew sistèm nan se moun ki sòti menm kote avèw, paske sèvo sistèm nan ou pap janm wèl, sa vle di yo pa apran'n ou panse men yo jis fè yon bouraj kran pou ou, pouw mache repete, e siw gen malè kòmanse panse diferan de sistèm nan gen chans pou yo eliminew, e nan fakilte yo nou jwen'n sa pi klè, siw ap fè yon pwojè de rechèch, si sou sijè ou vle fè pwojèw la ka bay sistèm nan pwoblèm, moun kap oryantew la, m baw garanti lap modifeyel pou ou, sa vle di se pa nenpòt sèvo kap ka konprann kòman sistèm nan moute.

Lèm di nou tout fè pati de sistèm nan , banm eksplikew, imajinew yon direktè lekòl ki gen lekòl an pwovens, li gen kay anpwovens, madanm li an pwovens, lap anseye anpwovens, men li oblije desann pòtoprens poul al fème kay, mete madanm li poul ka voye pitit li lekòl pòtoprens, men sistèm nan tèlman fò nou pap poze kesyon pou'n mande poukisa, e siw mande poukisa li diw kouto pa kon'n grate manch li, e se pa de depans non lap fè nan vil la, e sil te kite pitit li a nan lekòl li a, li tap fè mwens depans li tap ak mandanm li pitit li chak jou, olye pou'l mete estrikti nan lekòl li genyen li prefere akonpanye sistèm nan, e lè timoun pal la vin an vakans se de bagay diferan, e pitit pal la gentan pa ran paw la, e se menm bagay pou tout rès yo nèt nèg la gen fakilte men lap voye pitit li al etidye nan fakilte lòt peyi epiw vle pou peyi a chanje, e souvan se nèg sa ki diw ayiti pap chanje, e li kon'n sal di a wi, paske li konnen li patisipe nan detwi ayiti a.

Sistèm sa a, li gen prezidan, depite, senatè minis, li gen tout moun, e moun sa yo li ba yo garanti, imajinew pouw fè siskè nan sistèm sa a, men kòman saye, ou etidye ou gen plizyè kòlèg ou ki nan plizyè enstitisyon nan peyi a, ou pap janm wè peyi a pap byen mache non, rezon ou pap pran lin nan bank pwiske ou gen yon kòlèg ou kap travay nan bank lan, ou gen yon badj nan kouw, menm ke ti malere a leve depi katrè nan maten li vin pran yon ti monnen poul al koule yon kafe midi pranl nan bank lan, paske gen viyaypi, e se nèg sayo ki etidye nan ti lèt fen, sa vle di sistèm nan fèw tounen yon kriminèl. Nan lopital menm bagay, ou gen yon doktè ki zanmiw, se pase antre epi lòt malere a ap soufri, e souvan lè rive andedan an se nenpòt de zèd tan pou yo fè ap pale wi, nan tout enstitisyon se konsa, souvan yo diw m etidye pouwa, m gen diplom sesi diplòm sela, m sot fè metriz ewop, m sot pran yon doktora la a, siw te etidye vre ou tap wèw sot dezimanize, lisans, metriz , doktora ki fèw pagen konsyans, se sayo ki fèw pagen sansibilite pou lòt, se sayo ki fèw wè reyisit ou sèlman an. E moun sayo menm konesans sistèm nan enjekte nan yo, yo pa vle pataje avèw e si yo ta fòse patajel avèw vokabilè yo itilize yo tèlman gwo nèg ou pa fouti konprann.

Sistèm nan pap chanje si nou pa rekòmanse, ou kon'n poukisa, si moun sayo nou panse ki mye plase pou ta fè yon bagay la, yo pa janm gen pwoblèm anyen pou yo menm peyi a se yon paradi, yo pa gen pwoblèm labank, yo pagen pwoblèm sante, yo pagen pwoblèm pou pitit yo al lekòl, yo pagen pwoblèm anyen, pafwa yo pa kon'n si peyi a pap byen mache, kisaw pral mande yo chanje, yo pap pran moto, yo pa nan machin trafik, yo pa santi si wout pa bon, saw pral mande yo chanje la a.

Nou tout fè pati sistèm nan, e pi fò sistèm nan konsantre pòtoprens, men sistèm nan ran'n nou avèg, si nou pat avèg 70 pousan ou byen sil pa plis patap analfabèt an ayiti, sistèm nan fè nou egoyis, nou pap pataje, paske se yon konpetisyon, nou tout gonfle kò nou pòtoprens, sistèm nan preparew pouw travay sou biwo, pwiske pagen biwo pou nou tout, donk yo jwen'n ou pou yo fèw bat bravo lè yo vle, e se pa pou san rezon wap jwen'n yon nèg ki gendwa pa kon'n anyen depite, senatè gen yon pakèt jèn ki gen doktora kap rele viv entèl. Imajinew ou vin pòtoprens ou se agwonòm ou fin fome tounen andeyò pran yon 20 tèn abitan ki tap travay mal aprann yo mye kòman pou yo travay, wap fè kòb yo baw nan rekòt la, e moun pwovens sayo kon'n pran swen moun. Ou sot etidye medsin fè menm bagay la, moute andeyò anseye moun yo, gen moun ki gen nenpòt dis pitit, se pa vle yo ta vle genyenl, men yo pa konnen sayo dwe fè, al nan lekòl yo fè fòmasyon pou timoun yo, ou se avoka menm bagay la, pran pwovens bay pòtoprens yon souf, gen moun yap kase ponyèt yo an pwovens.

Ou wè sistèm nan, ou panse se yon prezidan, yon depite, yon senatè kap vin chanjel, ou manti, manti paske moun sayo se sistèm nan ki pwograme moun sayo, yo se fonksyonè sistèm nan, e sistèm nan tèlman fò, li fè pwòp ou menm vote yon bagay ki rele konstitisyon, byen ekri, byen chèlbè ak tou sayo menm yo bezwen pou yo fonksyone, yo metel ladan pou ou, yap fèw santi se dwa w, men manti se yon fason yo fè pou yo moutrew se pou ou yo ye, e kou nèg sa a, antre nan sistèm nan li ta vle fè sak ekri a

vre, yo depwogramel avèw ankò, paske se ou kap boule, se ou ki nan lari a, men ou pap janm wè sistèm nan, gade pouw wè kiyès kifè piblisite pou yo, menm moun avèw, atis ki sòti menm kote avèw, sa vle di menm ou menm ankò ap defan'n sistèm nan paske se moun nan antouraj ou kap vann ou sistèm nan.

Ou panse revolisyon san konsyans ap chanje sistèm sa a, ou manti, paske ou pap ka elimine sèvo sistèm nan paske se menm moun ou wè kap di revolisyon an kap defan'n sistèm nan, ou pa wè yo souvan diw fòk gen yon refòm ki fèt, refòm kap fèt la pap janm fèt pou ou, paske pwòp pitit ou ap defan'n sistèm nan, frèw ap defann li, paske yo vle fè siksè endividyèl, ou pa gen politisyen ou gen fonksyonè sistèm nan, politisyen se moun ki entèrese ak byen kolektif, ou pagen atis, ou gen fonksyonè sistèm nan, ou pagen pwofesyonèl ou gen gadyen sistèm nan, ou pagen jounalis ou gen pòt pawòl sistèm nan. Ou wè si jèn fanm ak jèn gason ki di yo se entèlektyèl an ayiti, moun kap pale de eta de dwa an ayiti te kon'n wont, nan kesyon referandòm nan nou dwe wont, pou nou di nou kon'n li nou kon'n ekri epi pifò popilasyon an pakonn sak referandòm epi pou nap pran sa pou jwèt, pou nou pa santi nou jennen, pastè, direktè lekòl, pwofesè, wougan, avoka, nou tout ki di nou se elit entèlektyèl peyi a, nou pawont epi nou vle ayiti a chanje.

Nou pwofesyonèl men nou kite sistèm nan itilize konsyans nou, sistèm nan achte pifò nan nou, e yo itilize sikolojikman konsyans nou, gade pouw wè, sistèm nan gen mèye defansè nan tribinal la, meyè doktè, moun kap fè piblisite pou sistèm nan souvan yo sot etidye an ewop, sistèm nan gen jij, li gen tout bagay, siw te reflechi ou tap di bon si yo dim sistèm nan se dis pousan li ye, men nou se 90 pousan, kòman fè li posib pou yon minorite kontwole yon majorite, repons lan senp yo kontwole sèvw ak pwòp antouraj ou.

Pa panse wap chanje mond lan jan yo apran'n nou sa a, men apran'n chanje pwòp tèt ou, depiw chanje sosyete a ka chanje, byen materyèl pa

vle diw fè siksè men gade nan antouraj ou pouw wè konbyen moun kap viv menm vi avèw, sispan kreye ayiti paw, an'n kreye yon sèl ayiti si nou tout se ayisyen, an'n chanje estrikti sosyete a, an'n sispann viv nan yon sosyete ak diplòm, pandan setan map pozew yon kesyon paske m pagen repons lan, nan ki fakilte Jean Jacques Dessaline te etidye, nan ki fakilte li te fè metriz, li te fè doktora,? Antouka sil pat fè sanble pat fè a te vreman itil paske m prèske pa wè itilite yo.

M rete la, siw vle wa pran konsyans, mwen m konprann , em tèlman konprann , m gen yon pèsepsyon ni la vi ni lanmò, youn egal a lòt e m gen enpresyon sistèm nan ran'n ke nou pap konnen ni sa ki la vi, alevwa pou lanmò a kat fwa pi mal.

Yon dekanchè

M gen enpresyon nou bezwen yon deklanchè, pou'n rekanpe sosyete a, se pandan m santi gen yon anvi kay chak ayisyen, ki anvi viv, ki anvi yon sosyete miyò, men youn ap gade sou lòt, genyen ki anvi avanse men ki pa fè lòt konfyans, e mank de konfyans sa a ran'n ke nap pale menm pawòl men nou pap fè menm aksyon.

Anpil nan nou gen yon ide akayik, ke depi nan ginen ti nèg pa vle wè ti nèg, e ide sa a, anpeche nou youn fè lòt konfyans, e ide sa a ka la, men li pa yon verite, lontan lè kò kontra a nan jaden an, li te mèt plis pase karant gason kafe a vini yo tout bwè ansanm, chodyè mayi a vini, yon sèl nèg pral koupe mayi a pa bout mete nan fèy bannan'n epi chak nèg pran yon moso yo manje, men youn te fè lòt konfyans, yo pat janm panse ak kesyon nan ginen sa a, e sak te pi bèl nan epòk sa a, pat gen gode pou tout te bwè ansanm, youn te oblije tan'n lòt fini pou yo bwè aprè, e souvan pat gen dlo pou lave gode sa a, m ka konprann jodi a wap dim li pa izaj pouw ap bwè nan menm gode ak yon lòt moun, map dakò avèw, men lèsa a, m pa wè ki efè sa te fè.

M pa swete pèsòn panse map ankouraje ou byen map preche malpwoprete, menm jis anvi fè yon konparezon, lontan lè moun yo ap grate jaden yo, pafwa menm dlo yo pa jwenn pou yo lave men yo, patat la vini yo kalel ak men yo, yo manjel, yo kale kan'n nan yo manjel, lè koral la ap plante pafwa koral sayo gen plis pase trant moun ladan yo, e yo kon'n pase nan plizyè jaden nan yon jounen, e pafwa dlo pat fasil, sa vle di men moun yo pat vrèman lave, men nan epòk sa a moun yo te pi djanm, mwen etanke moun ki kwè nan syans mwen dakò ke nou dwe pran swen kò nou e sa nap manje, m pap al di mikwòd pa touye moun, men jiskaprezan mwen poko ka twouve benefis sivilizasyon sa a.

M pap al di ke tout bagay te pafè, pwiske nou se yon èt diferan de animal yo, donk nap toujou gen chanjman, men pou'n rive nan pwen nou ye la a, nou ta dwe kanpe sou sivilizasyon sa a, pou'n reprann eskanp figi nou. Gen yon bagay ki enpòtan pou nou analize, poukisa zansèt yo te oblije krewe yon dyalèk pou yo kominike antre yo, pandan ke lang franse a bèl, li kaptivan, men map eseye konprann se paske, yo te mete nan tèt yo ke nou pa franse nou diferan de yo, nou pagen menm valè, nou pagen menm kilti malgre yo kolonize nou, men nou te gen konsyans pou nou di non nou pa menm ak yo, men jodi a nou pagen konsyans pou'n konnen ke

nou se yon pèp afriken kap viv nan amerik la sa vle di, avan sivilizasyon ewopeyen sa a nap viv jodi a, nou te gen fason nou abiye, fason nou manje, fason nou rezoud konfli yo, gade kòman ansyen chèf leta nou yo te kon'n abiye, medam nou yo te valorize zong natirèl yo, cheve natirèl yo, m pap di ke nou pa dwe gade sou lòt peyi pou'n vanse, men se pa pandan nap jete valè nou yo, nou gendwa pran sak bon lakay yo epi rejte sak pa bon yo, pandan nap konsève valè nou yo.

M pa di demokrasi pabon, men demokrasi gendwa pa konpatib ak nou e tanke pèp, sa pavle di nou pa sivilize, nou ta gendwa konstwi yon sistèm san'l pa sa a ewopeyen yo pote banou an, san pou otan nou pa bezwen enmi ak yo, men nou gen dwa pou nou di yo ke non sa a pa fonksyone pou nou etanke pèp, pwiske nou pagen menm kilti nan ADN nou, nou panse se san rezon chak peyi gen pwòp lang yo, gen pwòp rit mizikal yo, ou panse edikasyon nou gen jodi a pi efikas ke moun ki te edike ak silabè yo, nou pa wè chak peyi gen orè pa yo, se yon siy ki ta dwe fè kwè ke nou pa menm, e nou pap janm menm, men tout otan nap viv an ayiti, nou vle viv menm jan ak fransè a, menm jan ak ameriken an, menm jan ak espanyòl la a, nap kontinye antre nan twou.

M anvi wè ti moun nou yo pral lekòl ak alfò

M anvi wè nap al nan jaden ak makout

M anvi wè nap al keyi masketi ak panye

M anvi wè nap met granmèl anba dal

M anvi wè nap manje nan kwi

M anvi wè batwèl, mouvèt, kiyè bwa

M anvi wè fanm kreyòl nou yo ak bèl kako sou yo, tèt yo mare ak bèl mouchwa, m anvi wè patchong nan pye mesye yo, chapo pay nan tèt nou.

A la bèl sava bèl jou na rive konprann kiyès nou ye e sa nou kon'n fè e sa nou ka fè.

M anvi'n sispan mache demen nan pòch sou sila yo ki pi gran pase nou, m'anvi'n sispan soufle sou sila yo ki sanble te fèt anvan nou, m'anvi tande bonjou tonton, sanl pa frè manmanw ni frè papaw, m anvi tande bonswa

matant sanl pa sè manmanw ni sè papaw. Gen yon laj moun nan rive nou te kon'n di yo bonswa papa, bonswa manmanm, san pou otan moun sa yo pat anyen pou nou, men se te bèl epòk.

Anfen, m sonje lèm ap fè mwayen en sa nou rele senkyèm ane a, mwen te lekòl savanèt nan Ebeneze, epi m vin an vakans m pral nan jaden ak manmanm, epim pase mwen wè yon mesye, mwen di bonswa mesye entèl li repon mwen, epim pase ale, manmanm te dèyè li kanpe li relem tounen, epil di kòmanw salye konpè entèl la a, li dim dil bonswa tonton entèl, epi aprè li dim ou kòmanse eklere, men mwen pat janm rann kont si eklere saa tap mennen nou la a jodi a, se pa lontan non sa pase, paske mwen se timoun ki fèt avanzye la a, se nan istwa mwen tande pale de papa dòk, sa vle di si nou estop sou sivilizasyon sa a epi nou fè yon gade dèyè nap ale pi rapid.

M gen yon presantiman, kew ka panse, kisa misye ap dim la, m gen yon metriz, m gen yon doktora, m fè yon pakèt gran etid an ewop, an amerik, m preske kon'n pakè majorite gran filozòp fransè yo, gran filozòf, grèk yo, ou pap pale pouw site non Thalès de Milet, Socrate, Platon, Aristote, Kant, Nietzsche, Rousseau, Montesquieu e anpil lòt ankò epi jenòm sa a ap vin palem de lontan, ou panse ansyen esklav kite revòlte yo te gen posibilite pou li tout otè sayo, e menm ke yo ta anvi li yo men yo pat depann de tèt yo, men malgre sa yo make listwa, se pou di ke anpil nan tewori sayo a pa fonksyone pou nou, paske nou pa grèk, nou pa fransè, nou pa alman, nou pa ameriken, e petèt yo pap janm fonksyone pou nou, nou bezwen tounen dèyè pran tewori pa nou yo epi pou'n vanse. an'n tounen dèyè.

INYORANS

Anpil syantifik e filozòf manifeste opinyon yo sou inyorans èt imen an, tankou ”(Goethe,1749-1832); “Il n'y a rien de terrible comme de voir agir l'ignorance.” e Pythagore di :«Si vous me demandez qu'est-ce que la mort! Je vous répondez: la vraie mort est l'ignorance. Combien de morts parmi les vivants! (Pythagore, 582-497, AC); nou te kapab site yon pakèt lòt filozòf, yon pakèt jeni nan mond lan, ki pale de kesyon inyorans lan, men se pa objektif nou sa. Yo defini inyorans kòm yon endividi ki pa konnen yon bagay, anpil Otè ta fè konnen,ke inyoran yo etabli kritè pou yo diskalifye yon bagay, yo gen yon ide ewone de bagay la, e yo pa aksepte eksplikasyon syantifik sou sa yo ap di a, paske yo enkanel nan yo kòm vrè. Gen Otè ki defini inyoran kòm yon moun, estupid, sòt, enbesil, anreta, yon moun ki gwozye e anpil lòt ankò.

Anpil syantifik fè konnen inyorans se pi gwo pwoblèm ki mete plis konfli nan mond lan, nan mitan èt imen yo, nou kapab di nan tout maladi ki soufri limanite inyorans se youn nan pi gwo maladi imèn, depi nan antikite jis jounen jodia , nou kapab di inyorans te toujou yon faktè kap detwi limanite , fot de konesans te toujou yon danje e kontinye yon danje nan mond lan, inyorans koz anpil gè nan mond lan, inyorans koz yon pakèt revolisyon, atak teworis, grangou, mizè, krim e lòt. Inyorans se yon mal sosyal.

Kèlkeswa sèvo, fizik, anatomik e fizyolojik nòm, ki akimile konesans, kilti e eksperyans, kapab fè pwojeksyon pou demen, se pa yon mistè li ye, mantal nou fonksyone avèk enfòmasyon ke sèvo nou estoke, sa vle di plis nou estoke bagay ki itil nan tèt nou, li pèmèt refleksyon yo ale pi rapid, plis ou tande bon mizik li edew devlope mantalman, plis ou li yon bon liv, li rann ou gen yon mantal ki pi vivan. Li parèt difisil pou'n rive konprann konsekans konnen e inyore, san ou pa bay enpòtans ak fonksyon e apwòch psychobiologique ki viyabilize akizisyon e akimilasyon e konsèvasyon konesans ke sèvo ou ap itilize pou fonksyonman mantal nou.

Nan aprantisaj pou'n gen konesans , sèvo nou kapte nan pati andedanl, fè e bagay ki rive nan milye anbyan ki kapab estimile senk sans nou yo, epi li voyel bay newòn yo, pou li kapab grave yo e konsève yo pou mantal nou kapab jwenn yo pou l itilize yo nan konpòtman nou chak jou.kòm , sa nou grave yo vini de yon vizyon, yon odisyon, yon sant, ou byen gou, li vreman klè ke tout sa nou wè yo, sa nou tandè yo, sa nou santi yo e goute yo, nou transpòte yo nan sèvo nou pa sa nou rele reseptè nève yo, vwa ki ale nan reseptè a se sa nou rele »les nerfs qui transportent les «choses» du monde (images, odeurs, sons, etc.. » e andedan sèvo nou, yo dekodifye eleman sayo e kenbe yo pa gwoup pou chak newòn espesyal, pou chak bagay byen espesyal. Sa vle di tout konpòtman imen an reglemante pa mantal li e sevòl, sa vle di tout konpòtman yon moun ka transmèt vini parapò ak sa sèvo a te konsève, se sak fè souvan nou konn tandè yo ap di pafè nenpòt bagay devan timoun, pwiske sèvo a ap anrejistrel.

Kay animal yo konpòtman yo swiv menm règ la, men yo dirije e kontwole pa pwogramasyon jenetik natirèl yo e li espesifik pou chak espès, sa vle di yo aji parapò ak sayo jwenn grave nan jenetik yo ,sa nou rele ensten animal, ensten jenetik yo sifi pou konpòtman yo, se sak fè li difisil pou yo chanje, mantal yo pòv se sak fè nou di yo irasyonèl, yo pagen konesans entèlektyèl, se pandan gen anpil rechèch kap fèt pou detèmine eske reyèlman se yon fè valab. Si nap obsève nan nati a, nou se inik èt ki pa aksepte natiralite ki lakay nou an, sa vle di nou toujou ap chanje fòm, men animal la li jis aksepte janl ye a, pwiske li pagen kapasite sa a. Menm vle klè pagen okenn konpòtman san egzistans yon gravasyon ki te estoke nan sèvo nou, sa nou rele estòk nan memwa tisi serebral nou, sa vle di yon endivi aji byen ou mal parapò ak estòk sal grave yo, bon ou mal.

nan sans sa a, yon sèvo ki pagen anpil anrejistreman, kapab rann ou gen yon espri pòv, fèmèn, kout, ki pa pwodiktif, men yon sèvo rich ki estoke anpil newòn li ap founil yon espri rich e yon konpòtman adekwa ak sal estoke yo, li posib pouw gen yon entèlijans e yon kapasite pi itil pou limanite. Mantal imen an, se li ki gouvène mond lan, se youn nan rezon

ki enpòtan pou nou anmagazine plis bon bagay nan sèvo nou, pou newòn yo ka pi byen alimante.

Anpil moun nan mond lan konpòte yo tankou animal irasyonèl, paske yo abandone izaj rezon bon sans yo, ak sa nou rele inyorans e estupidite, inyoran an se yon moun ki refize estoke konesans nan sèvol, ou yon moun ki pa entèrese alimante sèvel li, donk konpòtman'l toujou menm e refleksyonl toujou limite, paske li anmagazine yon ta de engredyan ki pa apopriye nan sèvol, donk li pwobab poul gen yon konpòtman nwizib pou milye a, souvan moun sayo reprezante yon danje pou limanite. Siw pran yon moun ki gen yon konesans jeneral (sage et éduquée) e yon moun ki gen mwens konesans (ignorante et non éduquée) si nou fè konparezon sa a, lap pèmèt nou konprann efè negatif yo e konsekans inyorans lan genyen nan mond lan.

Souvan moun sa yo pa vrèman gen matirite pou yo fè chwa, menm sou sa yo ap konsome, pou yon inyoran tout bagay se pa anyen pou li, paske li nye konesans, ou gendwa di lave men anpeche ou pran mikwòb pou yon moun ki inyoran lap pasew nan rizib.

Lèn pale de akizisyon konesans, nou paka bliye pati sèvo a, pafwa li enpotan pou nou repete plizyè fwa pou sèvo a kapab grave e estoke, afenke newòn yo kapab alimante mantal la. Lèn konsidere ke sèvo imen an posede anviwon 80 a 100 milya newòn(selil ki anrejistre epi ranpli lòt fonksyon) e chak nan yo lye ak anpil lòt newòn, donk plis wap anmagazine konesans li pèmèt devlopman espri a ale pi rapid. Imajinew si 6,5 milya moun te pran konsyans de sa, donk li pwobab pou'n te gen yon mond meyè, men malerezman se kontrè a, paske majorite moun konpòte yo nan sans yon animal.

Li gen yon gran enpòtans vital pou chak moun eseye estoke konesans nan sèvo yo, paske mank de konesans ran ou inyoran e se youn nan koz ki rann ke limanite kontinye ap detwi, sèvo nou se tankou yon plastik, savle di li sibi chanjman estriktirèl e sikolojik, se youn nan rezon ki bon

pou nou alimante'l e estoke bon bagay nan sèvo nou, konsa li pwobab pou nou gen yon konpòtman akseptab, men lè nou alimante nou ak yon seri de bagay ki nefas ak sèvo nou li reprezante yon danje pou sosyete a. "L'ignorance est la nuit (l'obscurité) de l'esprit!" (Confucius, 551-478, AC); «Donner des conseils à un savant est superflu; conseiller un ignorant est inutile. (Seneca, 65-2, DC);Rien n'est plus dangereux au monde que la véritable ignorance et la stupidité consciencieuse. "(Luther King, 1968).

AKSÈ AK ENFOMASYON

Li parèt a klè pou moun ki wè lwen, wè ke pi devan ka pi tris, nan yon peyi ki pa valorize valè, kote se ipokrizi, inyorans kap ogmante, nou paka di chanjman an pa posib, men li vin parèt pi konplèks, e pi difisil. Rezo sosyo yo gen anpil aspè pozitif , e konsa tou gen anpil aspè negatif, gen yon kriz kap ravaje sosyete nou an, kote jenerasyon sa a,ki gen aksè ak enfòmasyon panse se aksè ak konesans yo genyen.

Aksè ak enfòmasyon pa vle di gen konesans, paske pouw arive ak sa nou kapab rele konesans lan, sa mande tan, pasyans, anpil rechèch pouw rive gen yon ide de yon bagay, sa vle di avanw pale de konesans sa mande yon metodoloji, se pandan aksè ak yon enfòmasyon kapap pèmèt ou fè rechèch pou rive gen yon konesans sou sijè ki te trete nan enfòmasyon sa a, men sèlman enfòmasyon an pa vle di ou gen konesans pouw kòmanse enpoze w kòm yon savan. Zygmunt Bauman filozòp e sosyològ pran plis pase yon demi syèk poul pwodwi yon konsèp nou kapap rele "modernité liquide pou ranplase postmodernité" ke li kritike anpil se pou moutrew ke gen konesans ou byen pwodwi konesans sa pa fèt maten pou midi, sa pran tan.

Gen yon danje sosyal ki fin download ki kòmanse parèt ki ka pigrav ke sa nap viv nan sosyete a jodi a, tout moun gen dwa san devwa, tout moun pale san kontni, mwen pakont devlopman sa a kap fèt la, ou pale pou di kisa? Èske pawòl ou a valab, mwen panse dwa pou tout moun pale se yon dwa natirèl, men anmenm tan li pa mache san edikasyon, si non li vin rann ou yon danje sosyal. nan yon lèt Jacques-Stephen Alexis tap ekri pitit fi li avan pouvwa divalye a te asasinenl, li di pitit la konsa:” n’oublie jamais qu’un être humain ce n’est pas seulement des bras, des jambes et des mains, c’est avant tout une intelligence. Je ne voudrais pas que tu laisses dormir ton intelligence. Quand on laisse dormir son intelligence elle se rouille, comme un clou, et puis on est méchant sans le savoir”.

Gen aksè ak fesbouk, enstagram, twidè, watsap, kapab yon mwayen pouw pran swen entèlijans ou, men sa pral depan de ki kontni wap swiv, de ki chwa wap fè, pigwo danje a , sèke rezo sosyo yo vle ranplase liv, e sepandan anpil rechèch fè konnen kontak yon moun ak yon liv rann aprantisaj la fèt yon fason natirèl, yon jenerasyon ki banalize tout sa ki enpòtan, ki pa swanye entèlijans li , ki pa swanye nanm li, kòman ou ka dim ou vle chanjman, ou vle yon peyi meyè, pandan lespriw sal, yon moun se pa sèlman yon kò fizik eksteryè men gen yon pati enteryè ki bezwen swanye, Socrate dans son procès disait à les Athéniens de prendre soin de leur âme, sa fèm santi gen yon pati entèn ki bezwen swanye.

Nou gen yon edikasyon bankè, lèm di yon edikasyon bankè sa vle di travay de rezonnman an pa fèt, se sèlman nal lekòl epi yo fè yon depo nan tèt nou , epi nou ap fè retrè nan depo sa a, sa vle di, yo diw ke solèy la leve agoch li kouche adwat, men pagen yon demonstrasyon ki fèt ki moutre w kote saw di a sòti, poukisa se konsa li ye, nou jis aksepte paske se konsa prensip la ye, nou pap kesyone, tout sa yo pote banou, nou pranl, pa mande si se yon moun de koulè (sa nou rele blan an) ki potel banou nou jis fè depo a sou kanè nou. E se nan aksepte san Kesyon sa a, ke nou te atann ke Mr. Jovenel moise tap vin pran tè a ak dlo a poul

met manje nan asyèt nou e lajan nan pòch nou, men lèl tap di'l la ,pat gen yon moun ki te mandel kòman li pral fè sa, se kòm kwa se li kite vin fè nou konnen, nou gen tè nou gen dlo, men nou menm nou pat janm konnen nou gen tè nou gen dlo” menm bon bagay yon moun fè dwe kesyone” ou pa dwe aksepte anyen san w pa poze kesyon.

Yon jenerasyon kap veye yon twit anbasadè lòt peyi ap fè pou yo pataje, pou fè diskisyon kisaw ka atann de chanjman, siw te swanye mantal ou, ou byen nanm ou , ou byen entèlijans ou pa sèlman ak bagay oksidantal, ou tap konnen se twit paw kap chanje peyi a, men pa twit yon anbasadè paske chak moun ap defan enterè payo, men lespri nou pa swanye, nou jis ap chache manje pou mete nan vant nou, pandan nou bliye pran swen entèlijans nou. Mwen panse aprè tout chwa politik nou fè nan peyi sa a, moman an ta rive pou nou koupe fache ak enkonpetans, pou nou fè plas ak konpetans e pwojè, men se domaj nou pran wout diskou a pito, nou pran wout manipilasyon an pito, nou kite yo manipile vant nou pou yo kontinye manipile lespri nou.

Si nou te swanye entèlijans nou, nou tap fè yon chèn solidarite pou'n chanje kondisyon moun ap viv nan peyi a, nou chaje filozòf, sosyològ, politològ moun kapab men nou refize bayo valè pandan kou yo travèse kay vwazen nou yo, yo trete yo byen se pa jodi a sa a konsa , nan yon lèt Jacques Stephen Alexis te voye bay divalye li te gentan moutre sa a [...]”Sur ma promotion de vingt-deux médecins, dix-neuf vivent en terre étrangère. Moi, je reste, en dépit des offres qui m’ont été et me sont faites. Dans bien des pays bien plus agréables que celui-ci, dans bien des pays où je serais plus estimé et honoré que je ne le suis en Haïti, il me serait fait un pont d’or, si je consentais à y résider. Je reste néanmoins”. 12 avril gen yon endividi ke lapolis mete avi rechèch dèyèl e anpil rapò fè kwè e li di ak bouch li ke li fè yon ta de masak nan peyi a , tap fè yon live facebook li tegan plis pase 3000 moun kap swiv li, nan jou ki te 13 avril nan demen maten pwofesè Auguste D’Meza sou Metropole tap pale

de "crise politique Haitienne" li pat gen 300 moun ki tap gadel, sa vle di nou fè yon chwa ki klè, nou valorize sa nou bezwen.

Pran tanw nan swiv yon moun pandan 40 a 50 minit, ki jis ap pale san kontni tan sa a, ou te ka li pi piti 10 paj nan yon liv konsa ou te ka swanye entèlijans ou, mwen panse avan nou mande chanje peyi men nou dwe chanje dabò, chanje nan netwaye lespri nou, pran swen entèlijans nou, pran swen nanm nou, lèm pale de nanm mwen pa pale nan yon kontèks espartyèl, men mwen pale de nanm kòm fondman rezonman imèn, siw pran swen entèlijans ou, ou pap pran nan diskou kap manipile moun pou fè kwè moun ki gen richès nan peyi a pa ayisyen, men okontrè wap konnen se paske règ yo pa aplike pou yo pito, men nou tout se ayisyen, wap rive konprann vrè diskou Jean-Jacques Dessalines yo ak fo diskou a, wap rive konprann depi wou sou bout tè sa a, nou tout se ayisyen, mwen panse majorite nan nou koupe fache ak sistèm sa a, men pandan nap mande chanjel fòk nou fè anpil pridans pou nou pa tonbe pifon " tout ekstremis reprezante yon danje sosyal".

Li lè li tan pou nou travay, pou'n sòti nan edikasyon bankè sa a, pou'n antre nan yon edikasyon de rezonman, de kesyonman.[...] L'âme humaine est en effet multiple : elle est composée de trois « parties », qui sont davantage des fonctions d'une structure unique : la fonction rationnelle, la fonction désirante, et la fonction intermédiaire ou l'ardeur. (Cette structure tripartite est exposée au livre IV de la République (436b-441a)[...] le savoir non seulement fait cesser les éventuels conflits dans l'âme, mais il permet en outre de hiérarchiser les jugements, de donner à chaque chose sa valeur propre, et d'unifier ainsi le monde tel que l'individu l'apprehende.

ann pran swen entèlijans nou, ann chanje rega nou sou mòd edikasyon bankè a, poun kapab panse nan ki bank nap mete lajan'n, pou'n aprann valorize valè, pou'n aprann pataje valè, pou'n aprann konnen nou se yon

pèp ki gen valè, yon pèp ki gen valè pap bezwen tirès. Ke nati a kouvri nou e pwoteje nou.

LIBÈTE EKSPRESYON

Libète pou moun ekspriye yo, se yon dwa fondamantal, ki defini e ki garanti pa lalwa, sa vle di libète pouw ekspriye opinyonw, pansew, idew pa kèlkeswa mwayen an tankou la près, ekri, pale, manifestasyon, reyinyon, asosiyasyon e lòt. Libète pouw ekspriyew li mache ansanm ak la lwa, men kèlkeswa opinyon ou kapab genyen an, li lye ak sa nou rele viv ansanm nan yon sosyete e li lye ak sa nou rele demokrasi a, angwo pagen demokrasi san libète pou moun ekspriye yo lib e libè.

Libète pou moun ekspriye yo se yon ansanm de rezilta istorik e ki materyalize aprè anpil ane de lit, dwa saa fòmèl nan ane 1789 nan revolisyon fransè yo, espesyalman nan sa nou rele deklarasyon dwa moun e sitwayen yo, e nan ane 1881, yo te rive pwoklame yon lwa sou libète laprès, nan ane 1948 nan deklarasyon dwa moun li vin parèt kòm yon dwa ki enseparab ak liberasyon yon pèp. Men si nou ale pi lwen depi nan ane 1215 nan peyi angletè dwa saa te gentan ap taye banda nan sa nou rele “la grande charte” e pi devan nan ane 1640 nan revolisyon anglè yo li kontinye ap pran plas pou rive nan ane 1688 dans la revolution “Bill of Rights” ki vin garanti libète endividyèl yo.

Nou jwenn pwoteksyon dwa sa a nan anpil dokiman entènasyonal tankou nan atik 10 e 11 deklarasyon dwa moun e sitwayen, e nan deklarasyon inivèsèl dwa moun yo nan ane 1948 ONU nou jwenn pwoteksyon dwa sa a nan atik 19, de jou an jou dwa pou’n ekspriye libète nou ap materyalize anplis, nan konvansyon ameriken dwa moun ki adopte San José, Costa Rica nan ane 1969, nan atik 13 la ki pale de pwoteksyon, dwa pou moun ekspriye lib e libè opinyon yo, e ide yo, e nan anpil lòt dokiman nou jwenn yo pwoteje e garanti dwa sa a. Poun site sayo sèlman, pa bò lakay, nan konstitisyon 1987 la nan seksyon C kòmanse nan atik 28 jis rive

nan atik 31.3, nou jwenn pwoteksyon e limit nan fason nou kapab eksprime opinyon nou.

Li parèt difisil e menm enposib pou'n pale de domakrasi san libète pou moun eksprime sa yo santi san kontrent, e se alèd de dwa sa a, otorite kap gouvène yo, rive konnen kisa moun kap viv nan sosyete a vle, e kisa yo pa vle tou, men pagen okenn dwa ki absoli, ou byen mwenn kapab di pagen yon dwa ki pagen limit li, se nan kontèks sa a, dwa pou moun eksprime ide yo opinyon gen limit li tou.

Libète ekspresyon an kap divize nan plizyè faktè, tankou dwa pouw gen enfòmasyon , sa vle di leta dwew enfòmasyon sou tout sak ap pase nan sosyete a, eksepte nan kèk ka, ke leta gen dwa pa baw yon enfòmasyon ki gen a wè ak sekirite nasyonal e gen kèk lòt eksepsyon, alèd de enfòmasyon yo disponibilize pou ou etanke moun kap viv nan sosyete a, ou kapab konstwi ide paw ak opinyon paw sou sa kap pase yo. Dwa pouw gen yon kwayans e pouw pwofese kwayans ou san restriksyon ni diskriminasyon, sa vle di ou gen dwa kwè nan Dye yon lòt moun pa kwè ladanl, sa pa dwe objè pou moun sa soufri diskriminasyon.

Dwa pouw pale sou sa ki fèw plezi san okenn menas, kèlkeswa opinyon kontrè ou genyen ak yon moun sa pa dwe objè pouw soufri, pwiske se opinyonw, se idew, men pandanw ap eksprime opinyon w ou byen idew la, ou pagen dwa antre nan pèsonalite lòt moun , ni nan entegrite moral lòt moun ou byen imaj lòt moun kèlkonk lè sa a, ou kite paramèt legal ou a.

Se pandan kèlkeswa dwa ou genyen li legal tout otan ou pa vyole dwa yon lòt moun ak dwa paw la, sa vle di ou paka itilize libète ou genyen pouw eksprime opinyonw lan pandan wap sal imaj yon lòt moun, pandanw ap antre nan entegrite moral yon lòt moun, ou paka ap itilize libètew genyen an pouw anpeche yon lòt moun soti al regle aktivitel, lè sa a, dwaw la jwenn limit li. souvan lè gen manifestasyon se yon dwa ou genyen pouw

manifeste, men an menm tan tou se yon dwa lòt moun genyen pou yo vakye ak aktivite yo.

Libète pouw eksprimew, pa mache san edikasyon, se yon dwa ki mache kòt ak kòt ak edikasyon, sa vle di yon pèp ki pa edike lap difisil poul eksprime idel, opinyonl, paske li gen yon kapasite ki pa devlope, rezonnman moun sa a, ap toujou bònè, se sak fè dwa pou moun jwenn edikasyon lib e libè fè pati de fwa fondamantal, leta dwe garantil nan tout entegralitel afenke tout endividi ka eksprime sa yo santi nan fason ki fè yo plezi.

Donk, ann metrize emosyon nou lè nou ap eksprime sa ki pa fè nou plèzi an, pou nou pa detwi yon lòt moun, si nap gade jodi a depiw ap moute sou rezo sosyo pouw pibliye yon bagay, m gen enpresyon fòk ou ta tou mache ak jile pa bal ou, menl pa oblije konsa, ann kòmanse voye yon ta siyal pozitif, pwiske anpil nan nou ki sou rezo yo petèt gen yon kapasite anplis pou'n reflechi.

“La liberté est le droit de faire tout ce que les lois permettent ; et si un citoyen pouvait faire ce qu'elles défendent, il n'aurait plus de liberté, parce que les autres auraient tout de même ce pouvoir. Pour qu'on ne puisse abuser du pouvoir, il faut que par la disposition des choses, le pouvoir arrête le pouvoir.” Charles-Louis de Secondat Montesquieu.

EMOSYON

Yon pèp emosyonèl e pasyonèl paka baw lòt rezilta ke sa nou genyen la a, yon pèp ki refize konpetans, paka mennen w lòt kote ke la a, yon pèp san edikasyon ap toujou inyoran, yon peyi ki gen yon izin ipokrizi kap fabrike ipokrit ou paka gen lòt rezilta ke sa yo.

De yè ak jodi a, majorite pèp ayisyen an revolte, jèn kou adil, timoun tankou vyeya, men mwen pa wè anyen de nouvote, sa vle di nou fè santi ke nou pat konnen peyi a rive nan nivo sa a, men se ipokrit, moun yo te touye nan zòn malpas yo sim pa twonpèm epi mete dife sou yo a, tegen polisye ladan yo, se zagribay yo , fanmi an te jwenn , kantite polisye, ti timoun, fanm ansent ke nèg ak zam tiye epi mete dife sou yo, men leta pa janm fè aksyon.

Poukisa se chak moman sayo, nou kite emosyon, pasyon kòlè fè nou ap di yon ta de bagay? Mwen baw garanti aprè twa jou nap bliye tout bagay, pou tann yon lòt, men ki sa nou fè anyen, nou divize peyi an de kan, opozisyon e pouvwa epi nou bliye responsabilite pa nou, nap viv nan yon peyi depi se pa ou, ou byen yon moun paw bagay la rive sa pa anyen, men ou pa rann kont ke sak rive moun nan jodi a, ap rivew demen, nou refize fè yon chèn solidarite poun rezoud pwoblèm ki konsène nou tout.

Leta rete leta, pagen nèg ak zam, menm kew ta mete tout ansanm ki pi fò ke enstitisyon leta yo, sa vle di, si leta a te vle li tap kanpe zak sayo lontan, men leta a pa gen enterè nan sa, pafwa lèm pale de dezobeyisans sivil se pa yon apèl ak vyolans, men gen de sitiyasyon nou rive se sèl zam nou rete nan men nou, men nan yon peyi tankou ayiti li pap fasil pou gen yon dezobeyisans sivil paske se yon pèp pouyanis, kap tann gras soti nan syèl pou chanje kondisyon vil, san l pa rann kont fòk li patisipe.

Vilaj de dye, mwen pap di sèlman vilaj de dye, men kèlkeswa zòn nan si leta vle etabli lòd ladan li kapab, nan zòn sa yo mwen pa kwè se sèlman nèg ak zam ki rete ladan yo, men si leta a te gen volonte, yo te ka kreye kondisyon pou moun ki vle sòti nan zòn sa a sòti, epi pou fasilite tach la pou lapolis, imajinew si leta kreye yon ta deabri pwovizwa, epi li di moun ki konnen ou se sitwayen pezi ou gen yon mwa pouw kite katye sa a, epi ou òganize nan sòti yo pouw fè fouy afenke nèg ki ak zam yo pa sòti, si aprè yon mwa pase , moun yo pa kite andwa a, kounye a wap konnen yo tout se moun ak zam, la ou ka opere pi fasil.

Se pa paske ayiti pagen gran espesyalis ki kapab konbat gwop nèg ak zam kap defye enstitisyon yo, men se paske enstitisyon an politize, li vin parèt difisil pou pwofesyonèl yo fè travay yo, e pou yo jwenn kolaborasyon, ou panse yon nèg tankou Mario Andressol, Himmler Rebu e anpil lòt, pata ka bay kapasite pwofesyonèl yo nan enstitisyon an, mwen pakwè se paske yo pagen volonte men se pito yo pap ka travay vre, paske lòd yo pral pase yo se lòd pwofesyonèl ki enkonpatib ak lòd nèg ki nan sistèm politik la ap pase a.

Solisyon an se rann enstitisyon an pwofesyonèl e non yon enstitisyon politik aktif, e leta a dwe gen kontwòl sak ap antre e sòti, siw fèmen nèg yo andedan an, yo pa jwenn gwo chabrak kap pote bal bayo, pandan yon de mwa wap opere ak yo andedan an, yo pagen chwa ke bay vag, men bal yo antre, zam kontinye antre vin jwenn yo, kot leta a? siw gen yon galon ki koule, pouw rezoud pwoblèm nan se twou a pouw bouche wi, siw pa bouche twou a wap toujou nan plenyen.

Fòk nou pa bliye chak chwa gen konsekans yo, se yon chwa nou fè enbyen se konsekans yo nap peye la a, pagen anyen ki plis kesa, sak pase yè a pase chak jou nan peyi a, nou toujou kontinye aji menm jan, anyen pa chanje nap tann tirès pa nou an, pwiske tirès la se pou pèp la, enbyen ann aksepte tirès la, nou te panse tirès la pou pèp la nan ki sans, nou te panse se nan edikasyon, travay, sekirite, enfrastrikti, antouka si se konsaw te pansel, enbyen se kontrè a.

Si se jezi ou byen bondye nap tann ki pou rezoud ou byen chanje sa pou nou, m konseye nou fè wout simityè pito, si jezi ak bondye te konn chanje sa, depi nan bato negriye ya li tap chanje sa a, li patap menm kite yo anbake nou, vin lage la a, ann kontinye di se pa mwen sa rive epi nap vanse. An aprann apresye moun pandan yo vivan, sispan apresye moun lè yo mouri, estati WhatsApp, Facebook, e anpil lòt pa fèt sèlman pou lè

yon moun Mouri, men nou ka onore yo lè yo vivan tou, nou twò ipokrit nan peyi saa.

Tantativ pou Chanjman konstitisyon an legal ou ilegal? Lejitim ou ilejitim?

Yon konstitisyon se yon dokiman, yon ansanm nòm ki reglemante leta a, ou kapab gen yon konstitisyon ekri ou byen yon konstitisyon ki pa ekri. Se alèd de yon konstitisyon ou kapab pale de yon leta, sa vle di san yon konstitisyon ou pa gen yon leta.

Nan yon konsèp sosyolojik, yon konstitisyon defini kòm yon ansanm de faktè sosyal, men se pa yon nòm jiridik, jan nou souvan repetel la, sa vle di, tèks ekri a, dwe rezilta fè sosyal yo, nan yon moman istorik, tankou nou kapab pran, konstitisyon 1987 la, donk nou sòti nan yon diktati fewòs, kote lavi moun pat respekte, kote kesyon dwa a pat ka pale, donk gen yon soulèvman jeneral, nou renonse ak sistèm peze souse nou te ye a, ki banou konstitisyon 1987 la, la a, nou kapab di te gen yon fè istorik e yon ansanm fè sosyal ki vin akouche ak konstitisyon ekri sa a.

